nit ki gën a texe ci samag rammu ëllëg bis-penc, mooy ki wax, Laa ilaaha illal Laahu, te mu sell lool ci xolam, walla ci bakkanam

Jële nañu ci Abuu Hurayrata mu wax ne: Wax nañu Yónent Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko ana kan ci nit ñi moo gën a texe ci sag rammu ëllëg bis-penc? Yónent Yàlla bi wax ne: «Njoortoon naa ne yaw Abuu Hurayrata Yamamay njëkk laaj lii; ndax li ma gis sag xér ci Hadiis, nit ki gën a texe ci samag rammu ëllëg bis-penc, mooy ki wax, Laa ilaaha illal Laahu, te mu sell lool ci xolam, walla ci bakkanam».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónent ebi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne nit ki gën a texe cig rammoom ëllëg bis-penc mooy ki wax «Laa ilaaha illal Laahu te mu sell ci xolam» maanaam amul ku ñuy jaamu cig dëgg ku dul Yàlla, te mu mucc ci bokkaale ak ngistal.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3414